

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, jeung RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar jeung didéskripsikeun ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun ku panalungtik.

1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu dihandap.

1. Kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* katitén tina aspék eusi warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran PBL kagolong kana katégori lengkep kalayan préséntasé 36%, aspék basa tulis dina warta kaasup kana kurang kalayan rata-rata skor nyaéta 10.54 atawa 35.14%, jeung aspék pola midangkeun warta (struktur warta) kagolong kurang kalayan rata-rata skor nyaéta 3.26 atawa 32.6%. ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis téks warta siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 can mampuh kayalan rata-rata peunteun 62.37 tina KKM 78.
2. Kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 saenggeus ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* katitén tina aspék eusi warta saenggeus ngagunakeun modél pangajaran PBL kagolong kana katégori lengkep kalayan présentaé 76%, aspék basa tulis dina warta kaasup kana sedeng kalayan rata-rata skor nyaéta 19.40 atawa 64.66%, jeung aspék pola midangkeun warta (struktur warta) kagolong sedeng kalayan rata-rata skor nyaéta 5.91 atawa 59.1%. Ku kituna, kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 saenggeus ngagunakeun modél pangajaran PBL mampuh kalayan rata-rata peunteun 84.17 tina KKM 78.
3. Kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4

Bandung Taun Ajar 2020/2021 saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* dumasar tilu aspék penilaian sakabéhna ngaronjat nyaéta eusi warta (unsur-unsur warta dumasar 5W+1H) ti 36% jadi 76%, basa tulis dina warta ti 10.54 atawa 35.14% ka 19.40 atawa 64.66%, jeung pola midangkeun warta (struktur warta) ti 3.26 atawa 32.60% ka 5.91 atawa 59.10%. Dumasar kana aya ningkatna hasil saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* dina nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 aya béda nu signifikan. Ieu hal katitén tina hasil uji normalitas ngahasilkeun Sig.= 0.101 atawa leuwih ti 0.05. Uji *Paired Sample Test* ngahasilkeun peunteun t itung nyaéta -10.64 kalayan signifikansi (Sig. 2-tailed) 0.000, nilai signifikansina $0.000 \leq 0.05$, dumasar kana kritéria bisa dicindekkeun yén H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya béda anu signifikan anantara kamampuh nulis téks warta saméméh jeung saenggeus dilarapkeunna modél pangajaran *Problem Based Learning* siswa kelas XI-Multimedia di SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021, hususna kamampuh nulis téks warta dumasar aspék eusi warta (unsur-unsur warta 5W+1H), basa tulis dina warta, jeung pola midangkeun warta (struktur warta). Ku kituna, modél pangajaran *Problem Based Learning* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-Multimedia SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021.

1.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, dilarapkeuna modél pangajaran *Problem Based Learning* miboga implikasi yén ieu modél pangajaran téh ditarima ku siswa. Digunakeunana modél pangajaran *Problem Based Learning* jadi salah sahiji cara pikeun nuwuhkeun motivasi jeung sikep kréatifitas ogé mikir kritis siswa dina mekarkeun ide jeung gagasan, parigel dina milih jeung makéna basa, ogé eféktifna suasana diajar salila masa Pandemi Covid-19 sangkan siswa teu ngarasa bosén salila nyanghareupan *Pembelajaran Jarak Jauh* (PJJ). Salian ti éta dina prak-prakanna ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* siswa jadi leuwih bisa mikir kritis dina ngembangkeun ide atawa gagasan pikeun nulis hiji hal.

Artia Catur Utami Putri, 2021

MODÉL PANGAJARAN PROBLEM BASED LEARNING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3 Rékoméndasi

Tina ieu panalungtikan nu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan nu salajeungna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar jeung ngajar, saperti ieu di handap.

1. Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Modél pangajaran *Problem Based Learning* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta. Ku kituna, ieu modél pangajaran *Problem Based Learning* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran basa Sunda di sakola utamana dina matéri pangajaran nulis téks warta kelas XI di SMA/SMK/MA/MK. Ku sabab dina hasil ieu panalungtikan katitén yén hasil modél pangajaran *Problem Based Learning* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta siswa.

2. Pikeun Guru

Modél pangajaran *Problem Based Learning* dina nulis téks warta, aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun nalika ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* nyaéta kasiapan siswa nalika rék diajar, kasiapan matéri pangajaran, jeung bisa nyaluyukeun kaayaan dina prosés diajar ngajar.

3. Pikeun Panalungtikan

Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Problem Based Learning* ngagunakeun méétode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan modél pangajaran *Problem Based Learning* nyaéta ngagunakeun métode ékspérimen murni atawa dikolaborasikeun maké média pangajaran.

